**दिन–शनिवार** **दिनांक–01.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

केन्द्रीय वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन आइ वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक आम बजट प्रस्तुत कयलनि। एनडीए सरकारक तेसर कार्यकालक पहिल पूर्ण आ अपन लगातार आठम बजट प्रस्तुत करैत वित्तमंत्री कहलनि जे बजट के लक्ष्य विकास मे तेजी आनब, समावेशी विकास सुनिश्चित करब, निजी क्षेत्र मे निवेश के वृद्धि करब आ मध्यम वर्गक खर्चा करबाक क्षमता बढ़ायब अछि।

---

केन्द्रीय बजट मे आयकरदाता लोकनि के विशेष राहत देल गेल अछि। आब बारह लाख टाका के व्यक्तिगत आय पर कोनो कर नहि देबऽ परत। ओतहि, नौकरी पेशा लोक सभ के पचहत्तरि हजार टाका के स्टैंडर्ड–डिडक्शन सेहो भेटत। बजट मे वरिष्ठ नागरिक लोकनिक लेल स्रोत पर कर कटौती अर्थात टीडीएस पचास हजार टाका सँ बढ़ाकऽ एक लाख टाका करबाक घोषणा कयल गेल अछि। ओतहि, वित्तमंत्री बजट मे आयकर के नव स्लैबक घोषणा सेहो कयलनि।

---

बजट मे बिहारक लेल कतेको महत्वपूर्ण प्रावधान कयल गेल अछि। वित्तमंत्री राज्य मे मखानाक के उत्पादन, मूल्य संवर्द्धन आ विपणन मे सुधारक लेल मखाना बोर्डक गठन कँघोषणा कयल गेल अछि। श्रीमती सीतारामन कहलनि जे पूर्वोदय योजनाक अंतर्गत बिहार मे नेशनल इंस्टीट्यूट ऑफ फूड टेक्नोलॉजी एंड मैनेजमेंटक स्थापना कयल जायत। एकर अलावे बजट मे पटना हवाई अड्डा के विस्तार आ बिहटा मे ब्राउन फील्ड एयरपोर्टक क्षमता विस्तार के संग–संग नव ग्रीन फील्ड एयरपोर्ट के निर्माणक सेहो घोषणा कयलनि। बजट मे

पश्चिमी कोसी नहर ईआरएम परियोजनाक लेल वित्तीय सहायता प्रदान करबाक घोषणा कयल गेल अछि।

———————————————————————

बजट मे किसान क्रेडिट कार्डक माध्यम सँ ऋण सीमा तीन लाख टाका सँ बढ़ा कऽ पांच लाख टाका करबाक प्रस्ताााव कयल गेल अछि। कृषि उत्पादकता बढ़ायब, फसल विविधिकरण आ किसान लोकनि के ऋण सुविधा प्रदान करबाक लेल चुनल गेल सय जिला मे प्रधानमंत्री धन–धान्य कृषि योजना शुरू करबाक घोषणा सेहो कयल गेल अछि। ओतहि, दलहन के क्षेत्र मे आत्मनिर्भरता हासिल करबाक लेल छओ वर्षक एक विशेष मिशन शुरू करबाक बजट मे प्रस्ताव अछि।

———————————————————————

वित्तमंत्री बजट प्रस्तुत करैत कैंसर, असाध्य रोग आ आन गंभीर बीमारी सँ पीड़ित रोगी सभ के राहत देबाक लेल छत्तीस जीवन रक्षक औषधि आ दवाई के बुनियादी सीमा शुल्क सँ पूर्णरूपेण छूट देबाक प्रस्ताव राखलनि।

———————————————————————

वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन बजट मे लघु, सुक्ष्म आ मध्यम उद्योग सभ के वर्गीकृत करबाक लेल निवेश के सीमा अढ़ाई गुणा बढ़ेबाक आ व्यावसाय सीमा सेहो दुगूना करबाक प्रस्ताव प्रस्तुत कयलनि। सूक्ष्म आ लघु उद्यमक लेल ऋण गारंटी बढ़ाकऽ दस करोड़ टाका आ प्रमुख निर्यातक एमएसएमई के लेल बीस करोड़ टाका करबाक बजट मे प्रस्ताव कयल गेल अछि। एकर अलावे बजट मे स्टार्टअप के लेल ऋण गारंटी एक प्रतिशत वृद्धि के संग बीस करोड़ टाका करबाक प्रस्ताव अछि।

———————————————————————

बजट मे कयल गेल घोषणा सँ इलेक्ट्रिक वाहन, मोबाईल फोन, मोबाईल फोनक बैट्री, एलसीडी आ एलईडी टीवी सहित कतेको प्रकारक इलेक्ट्रिक उपकरण, कैंसर के छत्तीस

दवाई, हैंडलूम कपड़ा आ चमड़ा के सामान सहित कतेको वस्तु सस्ता होयत। ओतहि, फ्लैट पैनल डिस्प्ले आ टीवी डिस्प्ले महंग होयत।

---

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक आम बजट के सराहना कयलनि अछि। देशवासी लोकनि के संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे एहि बजट सँ देश मे आर्थिक सुधारक नव दिशा निर्धारित होयत। रोजगारक नव अवसरि उत्पन्न होयत आ लोक सभ के बचत बढ़त। ओ कहलनि जे ई बजट विकसित भारतक आधार के सुदृढ़ करऽबला अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार केंद्रीय बजट के सकारात्मक आ प्रगतिशील जनौलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि बजट मे बिहारक लेल जे घोषणा कयल गेल अछि ओहि, सँ राज्यक विकास के नव गति भेटत। मुख्यमंत्री इनकम टैक्स मे राहत देबाक बजट के सेहो प्रशंसा कयलनि। श्री कुमार कहलनि जे किसान लोकनिक लेल बजट मे कयल गेल कतेको घोषणा स्वागत योग्य अछि।

---

बजट मे कियल गेल मखाना बोर्डक प्रावधान गठन सँ मिथिलांचलक एक पुरान मांग पूरा भेल अछि। एहि पर प्रतिक्रिया व्यक्त करैत केंद्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि जे बजट मे मखानक उत्पादन के बढ़ेबाक लेल मखाना बोर्डक घोषणा सँ किसान लोकनि के लाभ होयत। एहि  सँ उत्पादकता के लागत कम होयत आ किसान लोकनि के लाभ मे वृद्धि होयत। ओतहि, बिहार कृषि मंत्री मंगल पांडेय, जनता दल यूनाईटेड के संजय कुमार झा, आईसीएआर के उपनिदेशक आ वरीय वैज्ञानिक श्याम नारायण झा मखाना बोर्ड के गठन के एक स्वागत योग्य डेग जनौलनि अछि। मखाना अनुसंसाधन केंद्र, दरभंगा के वैज्ञानिक मनोज कुमार मखाना बोर्ड के गठनक घोषणा के एक महत्वपूर्ण नीतिगत निर्णय जनौलनि अछि।

---

समाप्त